- **Sèvis Santé pou fanm ki nan Mid-aj**
  Ansanm ak tout lòt konsiltasyon sou swen santé pou fanm ki nan Mid-aj, PPHP ofri sèvis ki enkli konsèy menopoz, tanporè terapi pou òmòn, konsèy sou sante jeneral ak byennèt, ak referans pou mamogram ak analiz dansité po zo.

- **Sèvis Santé pou Gason**

Tès ak tretman pou enfeksyon ki transmisib seksyèlman, konsèy ak tès konfidansyèl pou VIH / SIDA disponib nan tout sant sante PPHP.

EDIKASYON AK FÒMASYON

Depatman Edikasyon ak Fòmasyon nan PPHP a ofri plizyè pwogram ki bay bon, san patipri enfòmasyon sou seksyalité imèn dèzòm. Depatman sa fè pwogram pou lekòl segondè, kolèj, pwogram rezidansyèl, asosyasyon sivik, pou paran, pou edikatè wofesyonèl, ak pou pwofesyonèl ki nan sèvis gadri timoun.

- **Pwogram pou Kominikasyon Paran ak Timoun**
  PPHP genyen yon pwogram ki rele "Ann Palé" ki se yon pwogram dezèdtan ke li ofri pou sipòte paran yo, ak paran adoptif yo, nan wòl ke yo jwe kòm premye edikatè seksyalite prensipal timoun yo. Pwogram paran yo enkli: Palé ak ti piti ou pou ede paran ki genyen tibebé ki fèk fèt jiska laj 5 an, ak lòt enfòmasyon ak pwogram pou paran ki genyen adolesans ak jèn. Edikatè pwofesyonèl PPHP yo disponib pou yo fé ak bay prezantasyon pou gwoup paran nan lekòl (PTA) oswa lòt òganizasyon tou.

- **Edikasyon pa Gwoup Kondisip ak Kanmarad**
  PPHP ofri yon pwogram edikasyon pa gwoup kondisip ki prepare jèn yo pou yo kapab ofri lòt jèn tankou tèt yo nan lekòl yo ak kominote yo enfòmasyon konfidansyèl ak edikatif epi ransèyman sou kesyon santé repwodiktif. Jèn elèv sa yo soti nan lekòl segondè local yo, e yo pran yon fòmasyon ak antrènman pou 15 semèn ki konsantre sou diferan fason, mòd, ak kalite de kominikasyon efektif, ki jan pou yo pran desizyon, ak sou sijè seksyalite imen dèzòm.

- **Fòmasyon ak Antrènman ki Pèsonalize pou bezwen Pwogram ou an**
  PPHP ofri fòmasyon ak antrènman ki pèsonalize pou bezwen biwo-w la, ofis ou a, pwogram ou a oswa lekòl ou a sou nenpòt sijè konsènan edikasyon seksyèl.

- **Fòmasyon ak Antrènman pou Pwofesyonèl ki nan Sèvis Gadri Timoun**
  PPHP ofri fòmasyon ak antrènman pou pwofesyonèl ki founisè swen timounn ak pwofesyonèl ki nan sèvis gadri timoun pou ogmanté nivo konfò yo ak pou bay yo plis enfòmasyon sou kòmansman ak diferan etaj debitan devlòpman seksyèl timounn.

- **Resous Bibliyotèk**
  Nou genyen liv, pwogram detid, diferan edikasyon enfòmasyon ak videyo nan resous bibliyotèk nou an ke ou kapab lwe ak preté. Resous bibliyotèk sa sitiye nan ofis nou genyen nan White Plains nan ak nan Smithtown.

Si ou ta bezwen PPHP fè yon pwogram, yon prezantasyon oswa yon antrènman ak yon estaj fòmasyon oubyen si out a bezwen prete nan resous edikasyonèl ke PPHP genyen yo, kontakte ofis White Plains la nan (9140-220-1038 oswa ofis Smithtown nan (631) 240-1152.

- **Pwogram Edikasyon sou Woulèt (Nan Kamyon PPHP yo)**
  Pwogram Edikasyon Mobil sou Kamyon PPHP yo pote bon kalité edikasyon enfòmasyon bay kominote a. Pwogram mobil sa ofri tès sida sou plas, li bay e ofri jèn mounn ak granmoun enfòmasyon konfidansyèl sou pwoblèm ak sou sijè santé repwodiktif.

- **Baz Entèlijans Seyans Gwoup Diskisyon**
  PPHP ofri ampil diferan seyans gwoup diskisyon pou diminyé kantité jèn ki ansent nan sosyeté a. Group diskisyon sa a se yon pwogram ak yon entèvansyon ki sipoze diré 14 èdtan oswa pi plis ke 14 èdtan pou li kapab efikas nan redui nonb de gwosès nan popilasyon jèn yo. Seyans gwoup diskisyon sa you baze, edike ak fòme jèn yo sou kijan pou yo bati relasyon, jwenn konfyans ak respè, epi kijan pou yo reyalize fè yon bagay ak jwenn yon rezolisyon, e yon rezilta pozitif nan lavi yo.

Planned Parenthood® Hudson Peconic, Inc. | WE'RE HERE.℠

Serving Suffolk, Westchester, Rockland and Putnam Counties

BIWO ADMINISTRATIF
4 Skyline Drive
Hawthorne, NY 10532

SUFFOLK BIWO REJYONAL
70 Maple Avenue
Smithtown, NY 11787

EDIKASYON AK FOMASYNON
Westchester: (914) 220-1038 • Suffolk: (631) 240-1152

SANT SANTE

SUFFOLK COUNTY
- Huntington
- Patchogue
- Riverhead
- Smithtown
- West Islip

WESTCHESTER COUNTY
- Mount Vernon
- New Rochelle
- White Plains
- Yonkers

ROCKLAND COUNTY
- Spring Valley

PUTNAM COUNTY
- Brewster

Similtane tradiksyon ki disponib nan tout Sant.
Pou Gratis, Pou Reyel.
www.pphp.org 800-230-PLAN

Gratis ti Cheri. Li Gratis Reyèlmanvré.

Pwogram Fè Planin pou Leta New York la (New York State Family Planning Benefit Program) ofri sèvis gratis pou pasyan ki nan pwogram Fè Planin nou an. Li ofri egzamen jinekoloji pou fi, kontraseptif pou metòd planin, konseyé moun sou planin familyal, ak ampil lòt enfòmasyon. Pou pasyan ki satisfè kondisyon nivo salè e revni ak kondisyon rezidans ke pwogram nan mandé a, ranpli yon aplikasyon ak bay tout dokiman obligatwa. Relé (800) 230 PLAN pou plis enfòmasyon ak pou-w jwenn yon sant santé ki pi pre w.

Planned Parenthood Hudson Peconic, Inc. (PPHP) gen lisans pa New Depatman Eta Nouyók la Sante ak bay sou 30,000 Sulfolk, Westchester, Rockland ak Putnam konte moun ki abite avék sante fanm e sévis edikasyon nan sant sante li yo 11 na zón nan. Vizite **www.pphp.org** pou plis enfómasyon.

Gid ak Oryantasyon Sou Sèvis ke nou ofri



© 201105 by Planned Parenthood Hudson Peconic, Inc. All rights reserved.

Planned Parenthood® Hudson Peconic, Inc. | WE'RE HERE.℠

Serving Suffolk, Westchester, Rockland and Putnam Counties

Ou merité yon bon jan kalité Swen Santé ki depasé tout

Nou gen yon ekip pwofesyonèl ki nan domèn santé ki la pou reponn tout kesyon e pou ede-w jéré e fè fas ak tout enkyetid ou genyen avèk konpreyansyon e ak respè

Nan Planned Parenthood Hudson Peconic, Wap Jwenn

Bon Kalité Swen Santé. Wap resevwa yon swen ki delivré ak konpasyon e pwofesyonèl nan yon anviwònman ki trè konfòtab. Ekip anplwaye nou yo très dedye pou yo delivré pi gwo, pi bon e pi meyè kalité swen ki genyen pou ou ak pou fanmi ou.

Atansyon Endividyèl. Pasyan PPHO yo soti nan divès orijin sosyal ak ekonomik, men yo tout jwenn atansyon endividyèl ke yo merité. Si w bezwen yon rekòmandasyon, nap méte ou an kontak ak yon lot ajans/ofis andeyò de ofis nou an pou ki ede-w ak sèvis ke ou bezwen an, pou egzanp yon lòt doktè, nutrisyonist, yon ajans privé o piblik, yon klèje e yon lòt terapis.

Abòdab (sa ou kapab peyé). Nou akeyi e aksepté kliyan ki nan tout nivo revni ak tout nivo lajan, e nou bay tout kliyan nou yo yon bon jan kalité swen ki non yon pri très abòdab. Nou aksepté medicaid ak anpil lòt plan asirans privé et publik. Pri ak frè pou sèvis nou yo varyé gradyèlman e yo bazé sou konbyen lajan ak kòb ki rantré nan kay la e konbyen mounn ki nan fanmi an.

Konfidansyalité. Lè ou palé ak younn nan ekip anplwaye nou yo, li toujou rete konfidansyèl. Enfòmasyon ke ou ba nou an pap janm pral patajé andeyò de ofis la.

Konvenyans. Ou kapab mandé ak jwenn yon randevou sou entènèt si ou ale nan sit: www.pphp.org, wap tapé kòd postal ou e wap jwenn yon bwat ki ekri "Chaché Jwenn yon Sant Santé" (find a health center) pou ou kapap jwenn younn nan sant ki pi pre-w la. Après sa, wap kliké sou bwat ki di "Mandé yon Randevou" a. Lè ou fini jwenn randevou a, pou ou kapab konsève tan ou, enprimé epi ranpli fòm medikal la anvan ou vini nan randevou a. Wap jwenn fòm sa sou menm sit entènèt la.

SEVIS NOU OFRI POU PASYAN NOU YO

• Swen Jinekoloji e Metòd Planin ak Kontraseptif

Yon egzamen ak yon konsiltasyon jinekoloji konplè se premyé ak pi bon defans ke ou genyen kont anpil mové maladi ki ka menasé lavi-w. Egzamen sa a ka enkli tès depistaj pou kansè nan matris (tès papa nikola), tès pou kansè nan teté, ak tès pou enfeksyon ke ou ka atrapé seksyèlman (STIs).

Si ou aktif seksyèlman epi ou pa vle ansent, Kontraseptif se yon metòd ki pi bon fason pou diminye risk la. Nou ofri anpil fòm ak kalité Kontraseptif ki nan preskripsyon ak lot kalité ke ou pa bezwen preskripsyon, tankou konprimé pou fè planin, diaphragm, medikaman ki mete kòm yon adezif sou po-w, wonn vajinal ak yon ban lòt fòm ak kalité kontraseptif ak kapòt.

• kontrasepsyon dijans

Si pa aksidan ou arive fè sèks san pwoteksyon e ou pa vle ansent, gen yon Kontrasepsyon dijans (EC) – ke yo rele "Maten après Komprime" ki ka anpeche gwosès. Li efikas e li diminye risk ou pou jiska 120 èdtan (5 jou) apre sèks san pwoteksyon. Pi bonè ke ou pran komprime sa-a après sèks san pwoteksyon, pi efikas lap ye.

Fanm ak gason ki gen17an ak plis ke 17an Ka achté Kontrasepsyon dijans (EC) sa-a san preskripsyon oswa san randevou, nan tout sant santé PPHP yo. Wap bezwen yon kat idantité ki pwouve ke ou genyen laj obligatwa yo mande a. Si ou poko gen laj 17 an ou plis, w ap bezwen pran yon randevou pou-w jwenn yon preskripsyon. Ou Pa bezwen gen yon randevou pou Kontrasepsyon dijans (EC). Ou ka jis vini nan ofis la.

• Pwogram DEntèvansyon ak Prevansyon sou maladi VIH/SIDA ak lòt Maladi ki transmisib Seksyèlman (STI)

Nou ofri Pwogram Prevansyon e Entèvansyon ki bazé sou Evalyasyon ki pwouvé ak Evidans pou ede lekòl yo ak òganizasyon kominotè yo sou maladi SIDA, VIH, ak tout lòt Maladi ki transmisib Seksyèlman (STI). Pwogram sa yo ofri syantifik enfòmasyon sou evalyasyon ak diferan apwòch sou konpòtman ki trè efikas pou konbat maladi sa yo.

• Tès gwosès ak Konsèy sou diferan Opsyon ke ou genyen

Tès gwosès ak konsèy sou diferan opsyon ke ou genyen toujou disponib nan tout Sant Santé PPHP yo. Sant nou an itilize yon metòd egzamen ki trè siperyè e ki bay rezilta a touswit. Ekip anplwaye medikal nou yo trè pwofesyonèl ak gen gran konesans pou yo reponn tout kesyon ou genyen sou rezilta egzamen ou an.

Si rezilta tès gwosès ou a pozitif, Nou gen plizyè esperyans pwofesyonèl medikal pou diskité sikonstans ou a avèk ou epi ki ka ba-w enfòmasyon ak referans sou kèlkeswa desizyon ou ak sa ou bezwen ki gen rapò ak rezilta tès gwosès ou a. Relé 1-800-230-PLAN pou yon randevou ki ka menm jou a oubyen nan demen.

• Sèvis pou Avòtman

PPHP bay sèvis avòtman nan yon anviwònman ki trè konpasyon e konfòtab. Nou ofri avòtman nan klinik la, komprime pou avòtman, ak lòt fòm opsyon ki pa chirijik. Mandé anplwaye nou yo enfòmasyon sou tout chwa ou genyen, sou frè pwosesis la, ki kote ak nan ki younn nan sant nou yo ke sèvis sa disponib. Pou diminye mal-alèz ak enkyetid ke ou ka genyen pandan pwosesis avòtman-w lan, nou bay anestezi ak sedative pou ede-w.

• swen pou moun ki ansent

Swen anvan akouchman pou moun ki ansent ki kòmanse osito e imedyatman ou konnen ke ou ansent, epi ki kontinye jiskaprè akouchman-w trè enpòtan anpil pou ka gen yon gwosès an santé. Pwogram swen pou moun ki ansent la enkli konsiltasyon regilyè, konsèy sou nitrisyon, enfòmasyon ak edikasyon sou akouchman, enfòmasyon pou ede-w kòm yon paran, ak enfòmasyon sou sèvis sosyal ke ou ka resevwa. Pou fanm ansent ki kalifye epi elijib, PPHP ap ede w enskri ak rampli aplikasyon sou pwogram asyrans Medicaid. PPHP aksepté diferan kalité asyrans leta, Medicaid ak asirans privé. Pasyan PPHP yo ka delivre nan tout lopital lokal yo.

• Sèvis pou Maladi ki Transmisib Seksyèlman

Si ou seksyèlman aktif, PPHP se pi bon koté ke oumenm ak patnè w ka ale pou nou fè tès pou enfeksyon ki transmisib seksyèlman (STIs). Nou ofri edikasyon sou prevansyon, e nou ofri tès ak tretman pou maladi sa yo tou ki enkli Klamidya, blenoraji ekoulman gonore, èpès jenital, sifilis, HPV, ak epatit B.

Kounye-a nou ofri kèk tès depistaj ki detekte maladi ki transmid seksyèlman san ou pa bezwen fè yon egzamen san. Nou ka fè yon egzamen pipi ki detekte blenoraji ekoulman gonore ak klamidya. Maladi sa yo ka fasil pou treté ak antibyotik si yo deteke bone.

• Gardasil vaksen kont HPV

PPHP ofri Gardasil, ki se premyé vaksen ki apwouve pa gouvènan federal pou pwoteje jèn gason ak fi, de laj 9 a 26 an kont maladi ki rele papilloma viris la (HPV). Kalité HPV viris nimewo 6, 11, 16, ak 18 lan kapab lakòz chanjman nan kòl matris mounn ki tankou vesikil jenital ak kansè nan matris. Yo rekòmande pou yon mounn ta pran vaksen sa a anvan mounn sa-a vin seksyèlman aktif, pou pwoteksyon maksimòm.

• Sèvis pou VIH / SIDA

PPHP ofri Rapid tès pou VIH/SIDA e li disponib nan tout sant sante nou yo. Ak tès rapid sa, ou ka gen rezilta ou yo nan mwens de 20 minit. Nan PPHP, nou fè tès VIH / SIDA yo nan yon anviwònman ki très konfidansyèl. Nou rekòmande ke ou pran yon randevou pou redwi tan nan sal datant.

• Sèvis Santé pou Adolesan

Nan PPHP, nou konnen li enpòtan pou jèn yo kòmanse epi kenbe swen santé prevantif ak repwodiktif bonè. Nan sant santé PPHP yo, nou toujou byen akeyi Jèn ak adolesan yo. Yo ka jwenn Randevou ki disponib nan menm jou. Tout sèvis nou ofri yo rete toujou konfidansyèl.



Over flow from page 1, second column in from left